



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 1.5 MILYON DOLA POU AMELYORE SÈVIS POU VIKTIM VYOLANS DOMESTIK ATRAVÈ AKSÈ AK TEKNOLOJI

*Founisè sèvis ki gen lisans Eta pral itilize finansman federal pou konekte ak viktim ki fè fas ak izolman ogmante*

*Gwoup Travay kont Vyolans Domestik COVID-19 Eta a idantifye aksè ak defans mobil ak adistans kòm bezwen enpòtan pandan vag COVID-19 la*

*Eta New York ap chèche pwopozisyon pou ede viktim ak sivivan yo ak pi bon aksè ak lojman*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo pral alwe plis pase 1.5 milyon dola nan finansman federal la bay founisè sèvis kont vyolans domestik ki gen lisans eta pou aparèy mobil ak aksè ak Wi-Fi amelyore. Teknoloji amelyore a pral pèmèt pwogram akabri yo sèvi pi byen viktim ak sivivan vyolans domestik yo ki ap fè fas a izolman ogmante ak difikilte pou jwenn sèvis akòz pandemi mondyal COVID-19 la. [Gwoup Travay kont Vyolans Domestik COVID-19 eta a](#) te rekòmande pou eta priyorize aksè ak defans mobil, ki plis enpòtan menm kòm eta a ak nasyon an ap fè fas ak vag viris la.

Anplis de sa, New York te adrese yon lòt rekòmandasyon Gwoup Travay la lè li te pibliye yon demann pou pwopozisyon (Request For Proposals, RFP) pou kreye yon sistèm navigatè lojman nan chak nan 10 rejyon eta a. Navigatè yo pral travay avèk sivivan yo pou ede yo jwenn aksè ak resous ki disponib yo ak sipò lojman ki ale odelaabri yo epi travay avèk defansè yo pou ede yo pi byen konprann pwosesis la epi ede ak bezwen lojman kliyan yo. Dat limit pou reponn ak RFP a, ki fè 2.5 milyon dola nan finansman federal ak eta disponib pou inisyativ la, se vandredi 26 fevriye 2021. Dirije pa Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa epi ki prezante ekspè eta ak ekspè nasyonal yo, [Gwoup Travay la te pibliye yon rapò ak rekòmandasyon detaye](#) ke Gouvènè Cuomo te aksepte konplèman ane pase a.

"COVID devwale mare bas nan Etazini ak dekouvri ledè nan apès ki pi pwofon li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Youn nan konsekans endirèk yo te yon ogmantasyon nan ensidan vyolans domestik yo nan tout eta a. Sansibilizasyon mobil pral ede nou konekte moun ak fanmi yo byen vit epi ofri resous ak asistans pou soti nan sitiyasyon danjere yo. Nan yon mond ki deplizanpli aleka, amelyorasyon teknolojik sa yo pral yon zouti enpòtan pou ede patikilyèman Nouyòkè ki difisil pou atenn yo nan zòn riral yo

oswa nan zòn izole yo atravè COVID ak odela epi ogmante sekirite piblik nan tout kominote nou yo."

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Gwoup Travay kont Vyolans Domestik la, te deklare,** "Nan pandemi sa a, kantite ka vyolans domestik yo te ogmante. Nou ap pran tout etap posib pou ede fanm ki pyeje nan sitiyojan danjere yo. Nou deja adopte yon apwòch inovan pou pi byen satisfè bezwen sivivan yo epi finansman adisyonèl sa a pou founisè yo pral ede asire ke okenn Nouyòkè pa manke aksè a sèvis enpòtan yo ki gen rapò ak vyolans domestik kòm rezilta pandemi COVID-19 la".

**Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare,** "Mwen fyè dèske mwen fè pati efò Eta New York yo pou adrese vyolans domestik, yon pwoblèm manman mwen te konsakre tèt li pou li lè nou te ouvri yon kay pou viktim ak sivivan yo. Kòm nou kontinye pouse pou pi devan pou pi byen sèvi moun ki bezwen sipò nou an, defans mobil ka vrèman transfòme, modènize ak amelyore fason nou satisfè bezwen viktim yo, sivivan yo ak pitit yo atravè pandemi an ak pandan ane kap vini yo".

Kòm yon pati nan efò pou priyore aksè ak defans mobil, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la, ki bay lisans pou founisè kont vyolans domestik rezidansyèl ak sila yo ki pa rezidansyèl, li te alwe 1,529,000 milyon dola bay 89 òganizasyon san bi likratif toupatou nan Eta New York pou achte ak amelyore teknoloji mobil. Bezwen pou gen aksè ak Wi-Fi amelyore nan abri vyolans domestik, ki souvan abrite paran yo ak timoun yo enpòtan paske anpil distri lekòl yo pase nan aprantisaj ibrid oswa adistans. Finansman Lwa federal sou Viktim Krim (Victims of Crime Act, VOCA) pou inisyativ la te founi pa Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services) eta yo, ki te administre finansman sa yo pou eta a e, san konte lòt responsablite yo, sipòte yon rezo pwogram nan tout eta a ki bay sèvis dirèk pou viktim krim yo ak fanmi yo.

Yon lis founisè k ap resevwa prim ki baze sou kantite moun yo sèvi yo disponib [isit la](#).

Solisyon inovatn sa yo fè pati estrateji eta a ki gen plizyè aspè a pou re-imagine ak transfòme fason yo bay sèvis pou vyolans domestik yo, pou yo ale nan yon sistèm ki konsantre sou sivivan yo, olye ke yo baze sou abri yo. Kòm yon pati nan efò sa a, eta a te kreye 10 Konsèy Rejyonal kont Vyolans Domestik pou angaje moun ki gen enterè lokal yo - founisè yo, fòs lòd yo, tribinal yo ak lòt moun - nan konvèsasyon enpòtan sou politik ak sèvis vyolans domestik yo. Anplis de sipòte travay Konsèy Rejyonal yo, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) eta ap kowòdone yon Vizit Odyans pou Sivivan pou tandè moun yo dirèkteman sou eksperyans yo ak sistèm lan ak fason li ka amelyore.

**Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare,** "OCFS rekonesan pou patenarya ak sipò finansye OVS la epi li fyè pou administre finansman sa a pou sipòte pwogram kont vyolans domestik yo nan bay defans adistans ki byen solid. Aksè ak sèvis yo enpòtan anpil pou byennèt sivivan vyolans domestik yo ak pitit

yo, e sa pral pèmèt pwogram yo jwenn solisyon teknoloji inovan pou rive jwenn sivivan vyolans domestik yo san danje pandan pandemi an ak apre sa. Ogmante aksè Wi-Fi nan pwogram rezidansyèl yo pou moun ki viktim vyolans domestik yo fasilite edikasyon pou timoun ki ap aprann adistans epi tou ede sivivan vyolans domestik nan jwenn enfòmasyon sou lojman, travay ak lòt sèvis ki nesèsè - finalman ede yo jwenn pwoteksyon ak sekirite".

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare,** "Menm anvan pandemi mondyal la te frape Eta New York, nou te angaje nou pou agrandi aksè ak sèvis pou tout sivivan yo, epi espesyalman sila yo ki ka gen difikilte pou gen aksè ak metòd tradisyonèl distribisyon sèvis yo. Aksè vin pi enpòtan menm pandan COVID la pliske sivivan yo ka pi izole nan kay yo. Finansman sa a pou defans mobil pral ede patnè nou yo toupatou nan eta a distribiye sipò ak sèvis san danje epi kontinyèl bay sivivan yo ak fanmi yo, atravè pandemi an ak odela".

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare,** "Avèk finansman sa a pou defans mobil, Eta New York kontinye ap fè tout sa li kapab pou amelyore rezilta pou viktim yo ak sivivan yo. OVS fyè pou fè patenarya ak ajans eta sè nou yo pou sipòte travay enpòtan sa a ak solisyon teknoloji, ki pral fè yon vrè diferans nan lavi viktim vyolans domestik yo, sivivan yo ak manm fanmi yo".

Gouvènè Cuomo te bay Sekretè DeRosa tach pou dirije Gwoup Travay kont Vyolans Domestik COVID-19 la apre yon ogmantasyon demann pou asistans nan Liy Dirèk pou Agresyon Domestik ak Seksyèl Eta a pandan kèk premye mwa pandemi an. Ogmantasyon sa a - asosye ak rekonesans ke anpil moun pa te kapab fè apèl san danje nan telefòn pandan yo nanabri ak agresè yo - pouse Gouvènè Cuomo pou mande Biwo pou Prevansyon kont Vyolans Domestik Eta lanse yon opsyon tèks ak opsyon chat. Depi lè li te an liy soti 24 avril ak jiska 22 novanm, sèvis la te trete prèske 1,300 rekèt. Pandan tan sa, volim apèl nan liy dirèk eta a ogmante a 33 pousan pou 10 premye mwa yo an 2020 konpare ak menm peryòd tan sa ane pase a (7,756 vs 10,319).

Depi lontan Gouvènè a te yon chanpyon nan sivivan e li rete angaje nan mete fen nan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks. Kòm yon pati nan ajanda sou sitiyaasyon Eta 2021 li a, Gouvènè a pwopoze yon pake inisyativ konplè ki gen ladan yon pwopozisyon ki ta pèmèt tribinal yo mande pou agresè yo peye pou domaj nan inite lojman yo, frè pou demenajman, ak lòt depans lojman ki gen rapò ak vyolans domestik. Biwo pou Prevansyon kont Vyolans Domestik la ap transfòme an yon ajans re-imagine, Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks (Office to End Domestic and Gender-Based Violence), ak responsablite pou adrese entèseksyon nan anpil fòm vyolans ant patnè entim nan yon fason global ki santre sou sivivan yo.

Ou ka kontakte Liy Ijans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la (New York State's Domestic and Sexual Violence Hotline) nan 1-800-942-6906, pa tèks: 844-997-2121 oswa chat nan [opdv.ny.gov](https://www.opdv.ny.gov). Pou yon lis liy ijans pou vyolans domestik pa

konte, vizite [Anyè Vyolans Domestik Eta New York](#) la. [Biwo pou Sèvis Viktim](#) la finanse tou yon rezo plis pase 200 pwogram kominotè ki sipòte viktim krim yo ak fanmi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)